

SACRIFICE 316

Pangurbanan ingkang gesang

"Kang iku para Sadulur, marga saka sih-kamirahané Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip, kang suci lan kang dadi keparengé Allah: Iya kang mangkono iku pangibadahmu kang sejati. Kowé aja madha rupa kaya donya iki, nanging padhaowahana lan kakaharbaro budimu, supaya kowé bisa mbedakaké karsané Allah: iya iku bab kang becik, kang dadi keparengé Allah lan kang sampurna." Roma 12:1-2

Pangurbanan panjenengan. Anjuran kangge maringaken awak panjenengan dados *"kurban ingkang gesang lan kudus"* asring dipunlepatmangertosi. Nanging, bab puniki sanget penting lebet nuduhaken kangge Panjenengan dalan ingkang leres kangge dados luwih saking namung tiyang pracaya marang Yesus Kristus. Ayat kapisan nantang saben tiyang pracaya kangge nyembahaken pangurbanan kusus marang Gusti sakwise kaslametan. Ayat kapindho maringaken pituduh kangge kauripan sakwise pangurbanan puniku. Pasrah awak marang Gusti saben dinten dados bageyan saking manggul salib panjenengan saben dinten, Lukas 9:23. Nanging, sanes puniku maksud saking Roma 12:1. Parentahe kangge *"sembahaken awak panjenengan"* punika kangge ndamel *sesembahan, panyerahan, lan kamanutan kebang marang Gusti kangge* sepisan kangge saklawase. Puniku sanesa kaslametan. Kaslametan namung didhasaraken kangge pangurbanan Kristus. Puniki benten. Punika pangurbanan panjenengan. Puniki sanesa pangurbanan saben dinten. Puniku tegesipun nyerahaken gesang Panjenengan tanpa sarat lan kanthi ajeg marang Gusti dados kurban ingkang gesang, kudus, lan kersa. Puniki pamaringan awak panjenengan kanthi pasrah marang Gusti kangge kamulyananipun lan kangge panggunanipun tanpa watesan.

Punapa nglakoni pangurbanan puniki? Bab puniki amargi rahmatipun Gusti?. Kitab Roma pasal 1-11 nggambaraken welas ashipun Allah. Roma 12:1 maringi pirsia Panjenengan punapa ingkang Gusti kersa Panjenengan lakoni amargi welas ashipun Gusti puniku. Roma 12:2 maringaken kalih pitutur kangge gesang *sakwise* pangurbanan panjenengan. Rahmat Allah ingkang ageng lebet nylametaken lan ngudusaken panjenengan dipuncethakaken lebet sewelas pasal kapisan kasebat. Yen ngoten, serahaken awak panjenengan kangge Gusti. Panjenenganipun badhe mberkati panjenengan ing kauripan puniki lan ing kalanggengan. Nanging, panyemangat ingkang pas kangge pangurbanan panjenengan mboten wonten ing ngajengipun panjenengan. Puniku wonten ing wingkingipun panjenengan. Panyemangat Panjenengan ingkang saktene didhasaraken wonten punapa ingkang sampun Gusti lakoni. Bayangaken Yesus ngangkat astanipun ingkang kebak tipak koreng paku wonten arah panjenengan sinambi ngendika, *"Sakwise sedaya ingkang sampun kula lakoni kangge panjenengan, lakonana puniki kangge Kula."* Punika tegesipun saking Roma 12:1.

Punapa pangurbanan namung sepisan? Bab puniki amargi punika tegesipun tembung-tembung lebet Roma 12:1-2. Tembung kerja *"mboten dipunditentangaken"* lan *"diowah"* lebet 12:2 punika wujud tembung kerja. Tegesipun, lakoni kapindho bab puniku sakniki lan terus lakoni sakdawaning gesang panjenengan. Nanging, tembung kerja lebet *"Sembahaken awak panjenengan"* lebet 12:1 mboten lebet bentuk tembung kerja sederhana lebet basa Yunani. Lebet basa Yunani, tegesipun punika tumindak tunggal. Puniku mboten tegesipun terus nglakonine. Tegesipun, lakoni sapisan kemawon kangge saklawase. Puniki pangabdian awak ingkang teguh marang Gusti. Sembahaken awak panjenengan dados kurban kangge Gusti. Roma 12:1 ngendika bab pangurbanan panjenengan. Puniki bab Panjenengan ndelehaken awak panjenengan kanthi ajeg ing inggil altar Gusti.

Kalih gambaran. Ulangan 15:12-17 maringaken gambaran kangge bab puniki. Setunggal babu Ibrani ingkang sampun dibebasaken saget mutusaken kangge *kanthi mboten wonten gunane* lan *kanthi ajeg* mburuhaken awakipun wangsul marang juragane. Pilihan puniku didhasaraken marang kamurahan manah juragane ing mangsa kapengker. Bab puniku diwiwiti dening raos tresna buruhe marang juragane. Punika ajeg. Setunggal gaman panusuk digunakaken kangge nusuk talingan buruh kasebat, dados tandha bilih panjenenganipun palados juraganipun saumur gesang. Pamburuan puniki punika pilihane buruhe. Bab puniku mboten dipunpeksakaken marang panjenenganipun. Puniku kaputusan ajeg. Gambaran liyane wonten ing pangurbanan kewan lebet Prajanjen Dangu. Kewan kasebat kedaha kewan ingkang sae kangge dipundelehaken ing inggil altar. Kewan ingkang mriyang utawi cacad mboten saget ditarima, Imamat 1-5. Bab puniku nggambaraken bageyan kudus lan kersa saking pangurbanan panjenengan kadospundi dipunsebataken lebet Roma 12:1. Kewan ingkang dikurbanaken lebet kahanan pejah nggambaraken kalanggengan pangurbanan kasebat. Mboten wonten kewan kurban ingkang mbrangkan mandhap saking altar nalika dados panas. Mboten wonten pandhita ingkang mbeta kondur kewan kurban ing pucuk dinten kangge kamungkinan nyembahaken ing dinten sanes. Puniku pangurbanan ingkang ajeg. Yen panjenengan mandhapkan kurban Roma 12:1 saking mezbah nalika mezbah puniku dados panas, banjur puniku sanesa kurban Roma 12:1 ingkang saktene.

Ulangi pangurbanan panjenengan. Kedaha panjenengan ngulangi pangurbanan panjenengan dhedhasaraken Roma 12:1? Nggih, yen pangurbanan panjenengan mboten saged ditarima. Kurban miturut Roma 12:1 kedaha gesang, kudus, lan ditarima. Panjenengan gesang amargi, sakwise pracaya marang Kristus, panjenengan *"pindhah saking kasedan wonten gesang,"* Yohanes 5:24. Dados kurban suci punika tanggung jawab panjenengan. Kewan-kewan lebet Prajanjen Dangu kedaha kewan ingkang layak kangge dikurbanaken. Mboten wonten kewan ingkang sampurna. Nanging, kewan puniku kedah bebas penyakit, waras, lan tanpa cacad. Bab puniku nggambaraken kalih bab reraketan pangurbanan miturut Roma 12:1. Kapisan, kewan kurban panjenengan kedah bebas penyakit. Penyakit dosa lan kapisahan saking Gusti kedah dipunmantunaken liwat kaslametan. Punika sebabe Roma 12:1 diserat namung kangge tiyang-tiyang pracaya (dipunnduhaken dening tembung "sadherek-sadherek" lebet ayat kasebat). Kurban tiyang ingkang mboten beriman mboten saget ditarima amargi kurban puniku kedah dipunsembahaken *sakwise* kaslametan lan sanes *sakderengipun* kaslametan. Panjenengan kedah rawuh marang Yesus luwih dhisik sakderengipun angsal ndherek Yesus. Kangge masthekaken kaslametan Panjenengan, tiliki www.Gospel316.org. Bageyan suci nuduhaken tingkat karesikan spiritual ingkang saged ditarima lebet kauripan tiyang kagungan iman. Namung kanthi cara punika kurban panjenengan miturut Roma 12:1 badhe ditampi dening Allah. *"Menawa wong nucèkaké awaké saka piala, iku bakal dadi praboting omah kang mulya, iku disucèkaké, dianggep pantes tumrap kang duwé lan dicawisaké kanggo sadhénggah pakaryan kang becik."* 2 Timoteus 2:21. Panjenengan mboten saged dados sampurna. Nanging, Panjenengan saged nuduhaken awak panjenengan ing tingkat kawarasan spiritual lan kasukcian ingkang sae. Sakwise pangurbanan panjenengan ingkang gesang lan kudus ditarima dening Gusti, panjenengan mboten prelu nyembahaken malih. Nanging, yen pangurbanan panjenengan mboten ditarima dening Gusti amargi asipat sakwatawis utawi amargi mboten kudus, banjur pangulangan pangurbanan puniku diperlokaken. Sembahaken awak panjenengan dados kurban ingkang langgeng, gesang, lan kudus. Kanthi kersa lan ajeg mburuhaken awak panjenengan kangge Gusti. Ampun lakoni puniki kanthi sakpenake. Puniki kaputusan ingkang sanget tenanan sakwise narima kaslametan. Sakwise pangurbanan panjenengan ditampa, lajengaken wonten gesang panjenengan ingkang mboten pas kaliyan aturan lan ingkang ngowahi panjenengan pas kaliyan Roma 12:2 dados pandherek sajati Yesus Kristus. Sakwise sedaya ingkang sampun Panjenenganipun lakoni kangge panjenengan, lakoni puniki kangge Yesus!

Kauripan sakwise pangurbanan panjenengan. *"Kowé aja madha rupa kaya donya iki, nanging padha salina marga saka budimu kaanyaraké, satemah kowé bisa mbédakaké endi kang dadi karsané Allah: Apa kang becik, kang dadi keparengé lan kang sampurna."* Roma 12:2 Ayat puniki maringaken pitutur kangge nglampahi gesang sakwise pangurbanan panjenengan kadospundi kacathet lebet Roma 12:1. Pitutur-pitutur kasebat nggunakaken bentuk tembung kerja present tense, ingkang tegesipun ampun terus-terusan ngepasaken awak lan terusa owah liwat pangenggalan pikiran ingkang maju terus. Ampun panjenengan ngepasaken awak panjenengan, ampuna panjenengan nyarujuki, praktek-praktek dosa donya puniki. Ampun ngejaraken donya mbentuk sinten panjenengan dados tiyang ingkang kagungan iman. Roma 12:2 mituturi panjenengan kangge *"dipunowahaken dening pangenggalan pikiran panjenengan."* Tembung Yunani ingkang diterjemahaken dados *dipunowah* punika tembung ingkang sami ingkang dipungunakaen kangge Yesus lebet Matius 17:2 lan Markus 9:2 ing pundi dinyatakaken bilih Panjenenganipun *dipunowah wujud*. Roma 12:2 punika setunggal pitutur kangge dipunowahaken liwat pangenggalan (dandan, kaowahan sedaya dados luwih sae) pikiran panjenengan. Owah wujud puniku (ingkang luwih luar biyasa tinimbang uler ingkang dados kupu) kagayuh nalika panjenengan sinau lan nggesangi Firman Gusti. Sembahaken kurban panjenengan pas kaliyan Roma 12:1. Ampun jarke awak panjenengan kabebet lebet cithakan donya. Owaha awak panjenengan nalika nyinaoni lan nggesangi Firman Gusti. Banjur panjenengan saget mangertosi lan nglampahi kersane Gusti.

"Satemah kowé bisa mbédakaké endi kang dadi karsané Allah: Apa kang becik, kang dadi keparengé lan kang sampurna." Roma 12:2

Pangurbanan ingkang gesang © 2026 dening John D. Morris III kawedaraken dening Acts One Eight. Panjenengan pareng nyithak, nyalin, mosting, ngirim email, utawi ngirim pesen kanthi bebas tanpa ngowahi isi pranyatan jangkup puniki. Panjenengan saget nambahaken asma utawi logo paladosan utawi greja panjenengan ing bageyan inggil kaca setunggal lan nambahaken pawartos kontak panjenengan ing inggil garis kebak ing cedhak bageyan ngandhap kaca kalih. *Sacrifice316* dipundhasaraken wonten Alkitab kemawon. Tujuwanipun punika kangge ngewangi tiyang tuwuh kanthi spiritual ngliwati sekadhar dados tiyang ingkang pracaya kaliyan Yesus. Panjenengan saget ngirimaken email Cariyos Para Rasul Wolu (lebet basa Inggris yen mungkinaken) wonten: Hello@Mail316.org. Ladosan panerjemahan dipunsedhiakaken dening www.ChristianLingua.com. *Pangurbanan ingkang gesang* kasedhia lebet 48 basa kanthi gratis ing www.Sacrifice316.org. Pethikan lebet versi basa Inggris dipunpendhet saking New American Standard Bible 1995 wedalan The Lockman Foundation. Pethikan Alkitab lebet tarjemahan puniki dipunpendhet saking: Alkitab Basa Jawa 2006. Javanese Bible version in revision 2006.